

# Sant Newodevelopmantal

Southwestern Behavioral Healthcare ak Sant Reyabilitasyon Easterseals te kolabore ansanm pou bay premye Sant Newodevelopmantal entegre

(NDC) pou jèn ki Indiana yo.  
Sa k pi bèl la, l ap fèt la nan kominate nou an!



## Kontakte Nou nan:

812.436.4387

[ndc@southwestern.org](mailto:ndc@southwestern.org)

[southwestern.org/ndc](http://southwestern.org/ndc)

19 E. Chandler Ave.

Evansville, IN 47713

# Sant Newodevelopmantal

Southwestern Indiana  
Entegre swen pou jèn ak Famili



Yon Kolaborasyon Ant:



## Sonje...

Akoz limit klinik ekstèn yo genyen, fanmi ki bezwen swen premye nesesite oswa an ijans yo ta dwe al wè founisè oswa lopital abityèl yo a pou yo ka jwenn swen imedya. Moun ki nan yon kriz sante mantal men ki pa an danje dwe rele Ekip Sèvis Kriz Southwestern lan, 24/24, 7/7, 365/365 nan (812) 422-1100

## Sa ki obligatwa:

- Ou dwe yon abitan Indiana
- Ou dwe gen 17 an oubyen mwens sou rekòmandasyon
- Kritè dyagnostik yo: NDC fèt espesyalman pou jèn ki gen bezwen ki konplèks. Dyagnostik yo sispekte oswa ki dokimante dwe gen ladan I yon twoub sante mantal ki mache ak yon otis oswa yon andikap entèlektyèl. N ap fè konsiderasyon sou nenpòt entèvansyon tretman ki te fèt avan pou nou eseye detèmine si nivo entèvansyon ki wo sa te merite fèt..

# Poukisa ou dwe chwazi NDC?

### NDC bay:



#### Kowòdinasyon Swen

- Akonpayman amikal ak koneksyon avèk resous yo.
- Kowòdinasyon randevou avèk plizyè founisè
- Soutyen pwolonje pou asire bezwen fanmi yo satisfè.



#### Evalyasyon Konplè avèk yon Ekip Miltidisiplinè ki ap gen ladan I:

- Sikoloji, Sikyatri, Sèvis Sante Mantal, Fizyoterapi, Ègoterapi, Òtofoni ak/oswa Odyoloji
- Pifò nan evalyasyon yo kowòdone nan yon sèl lokal



#### Vizit swivi pou medikaman avèk Sikyatri a



#### Evalyasyon ak Konsèy nitrisyonèl



#### Koneksyon ak resous kominotè yo ak soutyen



#### Vizit pwolonje pou terapi ki rekòmande yo (yo ka fèt nan NDC oswa nan Easterseals)

- Òtofoni, Ègoterapi, Fizyoterapi, Sèvis Sante Mantal, Fòmasyon pwofesyonèl



## Kòman Pou M Kòmanse ?

Rele oswa voye yon imèl pou ou mande yon randevou avèk yon Kowòdinatè Swen pou ou kòmanse pwosesis rekòmandasyon an ak admisyon an.

Orè Biwo a: L-V , 8a.m.-5p.m.

Fèmen chak jou pou poz manje  
12-1p.m



## Kontakte Nou nan:

812.436.4387

ndc@southwestern.org

southwestern.org/ndc

19 E. Chandler Ave.,

Evansville